



PENGURUS CABANG NAHDLATUL ULAMA  
**LEMBAGA DAKWAH**  
**KABUPATEN TRENGGALEK**

Sekretariat : Jl. Panglima Sudirman No. 26 Gedung PC NU Lantai II Cp. 082 337 071 442

**Mapag Dina Riyaya Nganggo Ati Kang Suci**

EDISI 225 IDUL FITHRI 1 SYAWAL 1447 H/ 2026M

**KHUTHBAH I**

السَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللَّهِ وَبَرَكَاتُهُ

اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ،

اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ،

اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ.

اللَّهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا. لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ

وَاللَّهُ أَكْبَرُ. اللَّهُ أَكْبَرُ وَاللَّهُ الْحَمْدُ.

الْحَمْدُ لِلَّهِ . الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي حَرَّمَ الصِّيَامَ أَيَّامَ الْأَعْيَادِ ضِيافَةً لِعِبَادِهِ

الصَّالِحِينَ . أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ الرَّؤْفُ الرَّحِيمُ،

وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الْمَبْعُوثُ رَحْمَةً لِّلْعَالَمِينَ.

وَنُصَلِّي وَنُسَلِّمُ عَلَى الْبَشِيرِ النَّذِيرِ مُحَمَّدٍ رَسُولِ اللَّهِ الَّذِي جَاءَ بِالْحَقِّ الْمُبِينِ.

أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا الْمُؤْمِنُونَ أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ.

وَاتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ. قَالَ اللَّهُ تَعَالَى: فَاقِم

وَجْهَكَ لِلدِّينِ حَنِيفًا، فِطْرَتَ اللَّهِ الَّتِي فَطَرَ النَّاسَ عَلَيْهَا، لَا تَبْدِيلَ لِخَلْقِ

اللَّهِ، ذَلِكَ الدِّينُ الْقَيِّمُ، وَلَكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ.

اللَّهُ أَكْبَرُ ۓ × ۓ وَاللَّهُ الْحَمْدُ

**Jamaah shalat Idul Fitri rahimakumullāh!**

Mangga tansah kita tingkataken kadar keimanan kita dhumateng Gusti Allah Ta'ālā, kranten iman menika dados pondasi utawi akar, dene takwa menika buahipun (wujud perilaku). Semakin kandel lan lebet imanipun tiyang, semakin inggil derajat ketakwaan lan kepatuhanipun ing dalem ninda'aken perintahipun Gusti Allah lan nebihi awisanipun.

## Hadirin rahimakumullāh!

Siyam, ingkang nembe mawon kita lampahi mbekta hikmah ingkang sanget berharga. Kanthi nahan nafsu lahir lan batin, siyam ndadosaken tiyang langkung pareg kaliyan Gusti Allah, dados pribadi ingkang takwa, saha bersih manahipun (**qalbun salīm**).

Wonten dinten kiyamat, bandha donya lan anak-anak menika mboten saget nylametaken tiyang saking siksaniipun Allah. Setunggal-setunggalipun ingkang migunani nalika ngadep sowan Gusti Allah manahipun bersih (**qalbun salīm**), ingkang slamet saking kemusyrikan, mboten wonten noda lan dosanipun. Kados kasebat wonten ing **Al-Qur'an surat Asy-Syu'arā' ayat 88–89**:

يَوْمَ لَا يَنْفَعُ مَالٌ وَلَا بَنُونَ (٨٨) إِلَّا مَنْ أَتَى اللَّهَ بِقَلْبٍ سَلِيمٍ (٨٩)

Artosipun: "(yaiku) ana dina (nalika) bandha lan anak-anak ora bisa aweh manfaat (dina kiyamat). Kejaba, wong kang ngadhep sowan Gusti Allah kelawan ati kang bersih."

اللَّهُ أَكْبَرُ ۝ ٣ ۝ وَاللَّهُ الْحَمْدُ

## Hadirin rahimakumullāh!

Tiyang-tiyang ingkang dipun kersak'aken Gusti Allah dados ahli

5

suwarga menika gadhahi sifat mulya, ingkang dipun sebut **مَخْمُومُ الْقَلْبِ** (**makhmūmul qalbi**). Bab menika dipun terangaken wonten ing setunggalipun hadits:

عَنْ عَبْدِ اللَّهِ بْنِ عَمْرٍو قَالَ: قِيلَ لِرَسُولِ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: أَيُّ النَّاسِ أَفْضَلُ؟ قَالَ: كُلُّ مَخْمُومِ الْقَلْبِ صَدُوقِ اللِّسَانِ. قَالُوا: صَدُوقُ اللِّسَانِ نَعْرِفُهُ، فَمَا مَخْمُومُ الْقَلْبِ؟ قَالَ: هُوَ التَّقِيُّ النَّقِيُّ، لَا إِثْمَ فِيهِ، وَلَا بَغْيٍ، وَلَا غِلٍّ، وَلَا حَسَدٍ. (رواه ابن ماجه)

Saking Abdullah bin Umar, piyambak'e matur: Para shahabat nate nyuwun pirso dhateng Kanjeng Nabi ﷺ, "Sinten manungsa ingkang paling utama menika?" Kanjeng Nabi ﷺ dhawuh: "Menungsa sing paling utama iku **makhmūmul qalbi** (bersih atine) lan jujur lisane." Para shahabat lajeng matur: "Menawi tiyang ingkang lisane jujur kita sampun mangertos, lajeng tiyang ingkang disebut **makhmūmul qalbi** (bersih atine) menika ingkang kados pundi?" Kanjeng Nabi ﷺ dhawuh: "yaiku wong sing takwa marang Allah lan bening atine, ora nduwe kepinginan nglakoni dosa, ora nyimpen kedzaliman, ora nduwe rasa dendam lan hasud." (**HR. Ibnu Majah**)

6

Menikalah sifatipun calon penghuni suwarga, yakni tiyang ingkang tansah nindak'aken takwanipun dhumateng Gusti Allah Ta'ālā, lan bersih manahipun, mboten gadhah kepinginan nglampahi dosa, mboten nyimpen kezhaliman, mboten gadhah raos dendam wonten manahipun, punapa malih hasud.

### Hadirin rahimakumullāh!

Mangga, kita njagi bershipun manah wonten dinten riyaya ingkang suci menika, kanthi ikhlas sami paring pangapura, ngraketaken tali silaturrahmi, lan njagi ketakwaan ingkang sampun kita bangun selami Wulan Ramadhan.

Permusuhan, satron, lan mutus tali silaturrahmi menika perbuatan ingkang sanget dipun larang dening agama, lan kawilang dados dosa ingkang saget nebihaken tiyang saking rahmat lan ampunanipun Gusti Allah.

Mugi-mugi Gusti Allah Ta'ala ngridhani dhateng kita sedaya.

تَقَبَّلَ اللَّهُ مِنَّا وَمِنْكُمْ، وَجَعَلْنَا مِنَ الْعَائِدِينَ وَالْفَائِزِينَ

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ. وَ نَفَعَنِي وَ إِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ  
وَ الذِّكْرِ الْحَكِيمِ وَتَقَبَّلْ مِنِّي وَ مِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ. أَقُولُ  
قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ الْعَظِيمَ لِي وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ. فَاسْتَغْفِرُوهُ مِنْ  
كُلِّ ذَنْبٍ، إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ

### KHUTBAH II

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ  
أَكْبَرُ كَبِيرًا وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا. لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ  
أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ.

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي جَعَلَ الْأَعْيَادَ بِالْأَفْرَاحِ وَالسُّرُورِ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ  
وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ الْعَفْوَ الْغُفُورُ. وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ  
الَّذِي جَاءَ لِيُخْرِجَ النَّاسَ مِنَ الظُّلُمَاتِ إِلَى النُّورِ. وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ،  
صَلَاةً وَسَلَامًا دَائِمِينَ مُتَلَازِمِينَ إِلَى يَوْمِ التَّشْوِيرِ. أَمَّا بَعْدُ.

فَيَا أَيُّهَا الْحَاضِرُونَ، اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ. فَقَالَ  
اللَّهُ تَعَالَى وَلَمْ يَزَلْ قَائِلًا عَلِيمًا، إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى

النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى  
سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَالتَّابِعِينَ وَارْضَ عَنْهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ  
الرَّاحِمِينَ.

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَ الْمُؤْمِنَاتِ وَ الْمُسْلِمِينَ وَ الْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ  
وَالْأَمْوَاتِ. اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِأُمَّةِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، اللَّهُمَّ ارْحَمْ أُمَّةَ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ،  
اللَّهُمَّ اسْتُرْ أُمَّةَ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، اللَّهُمَّ اجْبُرْ أُمَّةَ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، اللَّهُمَّ اصْلِحْ أُمَّةَ  
سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، اللَّهُمَّ عَافِ أُمَّةَ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، اللَّهُمَّ احْفَظْ أُمَّةَ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ،  
اللَّهُمَّ ارْحَمْ أُمَّةَ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ رَحْمَةً عَامَةً يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ. اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِأُمَّةِ  
سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ مَغْفِرَةً عَامَةً يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ. اللَّهُمَّ فَرِّجْ عَنْ أُمَّةِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ  
فَرَجًا عَاجِلًا يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً  
وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ.

عِبَادَ اللَّهِ، إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَىٰ وَ يَنْهَىٰ عَنِ  
الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ. فَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ  
يَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوهُ عَلَىٰ نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ

*Khuthbah Jum'ah Ini Disusun Oleh K.Ali Asmungi (Ketua PC LDNU Trenggalek),  
Editor : BNA/imamhanafi*